ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№243 (23.651) ● 2017 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 20, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

ЕпщІанэ унэщІэр къызэІуах

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ къызэІуихащ Май районым хыхьэ Колдрасинкэ къутырым щауху Щэнхабзэмкіэ унэр. Зэхьихьэм хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и секретарь, КъБР-м и Парламентым и депутат Афэщіагъуэ Михаил, КъБР-м щэнхабзэмкіэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, нэгъуэщІхэри.

ІУЭХУЩІАПІЭР «Урысей зэкъуэт» политикэ партым игъэзащІэ «Къуажэ щыпІэхэм Щэнхабзэмкіэ я унэ» программэм хьыхьэу яухащ, тІысыпІэ 300-м тещыхьащ, библиотекэ хэтщ. КъБР-м и Іэтащхьэм и псалъэм къыхигъэщащ Урысейм и Президент Путин Владимир щэнхабзэ, егъэджэныгъэ, социальнэ Іэухухэм зэпымыууэ гулъытэ зэрахуищІыр. Абы и щыхьэту КІуэкІуэм къихьащ федеральнэ программэм хьыхьэу Налшык къалэм Перинатальнэ центрыщІэ щаухуэн зэрахуэфІэкІар.

- Къэрал унафэщІхэмрэ парт лэжьакІуэхэмрэ зэрызэдэлажьэм ехьулІэныгъэ къызэрыдэкІуэр сыт щыгъуи нэрыпІэгъуц. Ди щыналъэр къапщтэмэ, узыщыгуфІыкІынщ 2017 гъэм къриубыдэу Щэнхабзэмкіэ уни 10 къызэрыщытхузэІухар, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий. - ИкъукІэ дэІэпыкъугъу ин къытхуэхъуащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым къыхилъхьа программэр. ПІалъэ кІэщІым къриубыдэу мыпхуэдэ унэ екІу зэрарухуар си гуапэщ. Сыщоугуъ мы Іуэхущапіэр цІыхухэм я нэгузегъэужьыпІэм и мызакъуэу, щІалэгъуалэм я зэфІэкІхэм зезыгъэужь, зэхьихьэ гъэщІэгъуэнхэр щекІуэкІ унэ хъуну. Къалэхэм пэжыжьэ щІыпІэхэм мыпхуэдэ гулъытэ ягъуэтыным мыхьэнэщхуэ иІэщ. Программэм къиГъэув къалэнхэм ящыщ зыт и пІалъэм фІэмыкІыу лэжьыгъэхэр зэфІэгъэкІыныр. Абы дыпэлъэщащи, дызытехьэ илъэсми мы Іуэхум пытщэнущ, республикэм и щыпІэ псоми апхуэдэ унэ яІэн папщІэ. Унэр зыухуахэм фІыщІэ яхуэозщ, я къалэныр тэмэму яГъэзэщІащи.

Ново-Ивановскэ къуажэм и Іэтащхьэ Клюс Виктор жиІащ Колдрасинскэ къутырым 1947 гъэм щаухуауэ щыта Щэнхабзэмкіэ унэр жьы дыдэ зэрыхуэам кІыхэкІыу, къуажэм Іэджэ щІауэ зыри зэрыщемыкІуэкІар, иджы абы и пІэм кІиува ухуэныгъэщІэр илъэс кУэдкІэ яхуэфІыну зэрыщыгугъыр. Абы дыщІигъуащ Колдрасинскэ къутырми абы пэгъунэгъу жылэхэми сабий кУэд зэрыдэсыр, Щэнхабзэмкіэ унэр абыхэм я зыужьыныгъэм зэрыхуэщхьэпнур.

Жьлэдэсхэм къабгъэдэкІыу **Ульбашевэ Лелэ** фІыщІэ яхуищащ КъБР-м и Іэтащхьэми, Правительствэм хэтхэми, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым хэт депутатхэми, ухуакІуэхэми.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Жанхъуэтекъуэ зыгъэгуфІа махуэ

Бахьсэн районым щыщ Жанхъуэтекъуэ къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэр къызэрызэІуахым теухуа зэхьхьэм къуажэдэс куэд кърихьэлІат. Абыхэм ехъуэхъуну къэкІуат КъБР-м и Къэрал чэнджэщэгъу Бозий Натбий, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат, «Къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэ» проектым и щыналъэ убзыхуакІуэ Геккиев Заур, КъБР-м и Парламентым и Унафэщіым и къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» партым и фракцэм и унафэщІ, партым и щыналъэ къудамэм и секретарь Афэщіагъуэ Михаил, КъБР-м щэнхабзэмкіэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, КъБР-м ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммуналь нэ Іуэхуэмрэ гъэзэгу хозяйствэмкіэ и министр Къуныжь Вячеслав, Іуащхьэмахуэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Залиханов Къанщобий сымэ.

ЗЭІУЩІЭМ и пэщІэдзэм Бахьсэн районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **Къанэмэт Рустам** къызэхуэсахэм фІыщІэ яхуищІащ икІи мы ухуэныгъэм жылэм щыпсэухэр темыпыІэжу зэрыпэплъар къыхигъэщащ.

Щэнхабзэмкіэ унэщІэр къызэрызэІуахамкіэ къуажэдэсхэм хъэхъу псалъэхэр жраІащ Бозий Натбий, Геккиев Заур, АфІэщІагъуэ Михаил сымэ.

Къуажэдэсхэм я цІыкІэ къыщыпсалъэм, Жанхъуэтекъуэ къуажэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Байзуллаев Мусэ** республикэм и унафэщІхэм, «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм фІыщІэ яхуищІащ мы Іуэхущапіэм зыхуэй хуэзауэ икІи и зэманым къриубыдэу хьэзыр хъун папщІэ куэд зэрызэфІагъэкІам къыхэкІыу.

«Дэ хуабжьу ди кІэн къикІащ: щэнхабзэм и Іуэхущапіэр нэхущ икІи хуитщ. Сыхуейщ мыбы сыт щыгъуи гуфІэгъуэ щІэлъыну, сабийуэ, щІалэгъуалэу къеКІуалІэхэр зэпымыууэ нэхьыбэ хъуну, сыту жыпІэмэ дызытелажьри ди плъапІэри ахэрщ», - жиІащ ветераным.

Гуфіэгъуэ махуэр концерт гъэщІэгъуэнкІэ яІэтащ районым и творческэ гупхэм хэт артистхэм.

Бахьсэн районым и щыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущапіэ.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху

Шэджэм районым щыщ Хъущтэ-Сырт къуажэм хьэзыр щащІащ «Урысей зэкъуэт» партым и «Къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэ» проектым ипкъ иткІэ дащІыхьа Іуэхущапіэщіэр. Ар къызэрызэІуахым теухуа гуфІэгъуэм зыкъэгъэхьэлІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщіым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, КъБР-м щэнхабзэмкіэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, Шэджэм муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ ТекІушэ Артур, районым хыхьэ жылагъуэхэм я Іэтащхьэхэр, жылагъуэ, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

ЗЭІУЩІЭМ къыщыпсэлъахэм къыхагъэщхьэхукІащ щэнхабзэм зегъэужьыным, псом хуэмыдэу къуажэхэм зыгъэпсэхупІэхэр щыщІыным, икъукІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр, сыту жыпІэмэ, щІалэгъуалэми, сабийхэми, нэхьижьхэми апхуэдэ Іуэхущапіэхэм зэрытеун щагъуэт. Абыхэм къыхагъэщхьэхукІащ иджырей зэманым республикэ мыиным и къуажэу 10-м зэуэ Щэнхабзэмкіэ унэхэр хьэзыр щыпщыныр хуабжьу зэрыІуэхущхуэр, ауэ ар унафэщІхэми, проектыр си жэрдэмхэми, ухуакІуэхэми дэгъуэу къаззрехъулІар.

Щэнхабзэмкіэ унэр щаухуэм иджырей технологиехэр къагъэсэбэпащ, ар зыхуей псомкІи нэсу къызэрагъэпэщащ. Пэш нэхъ иным зэуэ цІыху 300 щетІысхьыфынущ. Апхуэдэу Іуэхущапіэщіэм библиотекэ, административнэ пэшхэр хэтщ.

2011 гъэ лъандэрэ къуажэм щэнхабзэмкіэ Іуэхущапіэ щыІакъым икІи сыт хуэдэ зэхьихьэри щрагъэкІуэкІын щІыпІэ къалъыхъуэн хуей хъурт. Аращ Іуэхущапіэщіэр къызэрызэІуахам апхуэдэ гуфІэгъуэшхуэ щІращІэкІар. Сценэщіэм я зэфІэкІыр щагъэпльэгъуащ районым и творческэ гупхэм.

Республикэм и депутатхэм къабгъэдэкІыу тхылъ тщІэгъуэнхэр, районым и администрацэм - компьютер библиотекэщІэм тыгъэ хуащІащ.

КІАРЭ Элинэ.

Парт программэм къыдощІэрэщІэж

Іуащхьэмахуэ районым щыщ ЛашкІутІэ къуажэм иджыблагъэ къыщыпсэІуаха Щэнхабзэмкіэ унэщІэм и пэш нэхъыщхьэр цІыху 200-м ятещІыхьащ. «Урысей зэкъуэт» партым и программэм ипкъ иткІэ ящІа Іуэхущапіэщіэм и проектыр къыхахащ цІыху мин 50 иримыкъу щыпсэу жылагъуэхэм папщІэ яГъэхьэзырахэм ящыщу.

АР КЪЫЗЭРЫЗЭІУАХЫМ теухуа гуфІэгъуэр къуажэдэсхэм даІыгъыну а махуэм къэкІуат КъБР-м и Къэрал чэнджэщэгъу **Бозий Натбий**, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» партым и щыналъэ къудамэм и секретарь **АфэщІагъуэ Михаил**, КъБР-м щэнхабзэмкіэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КъБР-м ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммуналь нэ Іуэхуэмрэ гъэзэгу хозяйствэмкіэ и министр **Къуныжь Вячеслав**, Іуащхьэмахуэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Залиханов Къанщобий**, Бахьсэн районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **Къанэмэт Рустам**, районым и жылагъуэхэм я Іэтащхьэхэр.

Геккиев Заур къыззхуэсахэм я пащхьэ щыжиІащ парт проектыр пхыгъэкІыныкІэ штабым хэтхэр мы Іуэхущапіэм иращІэкІа лэжьыгъэхэмкіэ арэзы зэрыхъуар. Абы къыхигъэщхьэхукІащ езыр мы жылэм къызэрыщалъхуам къыхэкІыу нобэрей гуфІэгъуэм хэхауэ зэрыщыгуфІыкІыр икІи Іуэхущапіэщіэм къуажэм и социальнэ, щэнхабзэ гъащІэр нэхъри игъэдэхэну къызэрилъытэр.

Іуащхьэмахуэ районым и Іэтащхьэ Залиханов Къанщобий къыщыпсалъэм фІыщІэ хэха яхуищІащ республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий-рэ «Урысей зэкъуэт» партымрэ. Абы къыхигъэщхьэхукІащ ЛашкІутІэ хуэдэ къуажэ мыинхэм я дежкІэ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ щІэныгъэ гуэдзэн егъэгъуэтыныжькІэ, къуажэдэсхэм я нэгу зегъэужьыныжькІэ, цІыхуЗ творчествэм зегъэубгъуныжькІэ Іуэхущапіэ нэхъыщхьэ дыдэу щекІуэкІ унэхэр зэрыщытыр. Абы парт проектыр гъэзэщІэным жэуапльнигъэшхуэ хэлъу зэрыбгъэдыхьам папщІэ ухуакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи абыхэм щІыхь тхьылъхэр яритащ.

Къызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ Іуащхьэмахуэ районым и творческэ гупхэм хэтхэм.

ТАРИМ Алисэ.

Фыузыншэу илъэс куэдкІэ фыпсэуну

Шынагъуэншагъэмкіэ органхэм я ветеранхэу пщІэ зыхуэтщІхэ!

ДИ ГУАПЭУ дынывохъуэхъу юбилей махуэшхуэмкіэ - шынагъуэншагъэмкіэ къэралым и ВЧК-КГБ-ФСБ органхэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъуэмкіэ.

ФІыщІэ фхудощІ ди Хэкум и къэрал Іэхухэр хъумэным хуэгъэзауэ хьэлэлу къулыкъур зэрефхьэкІам папщІэ.

Фэри фи унагъуэм исхэри узыншагъэ быдэрэ жыджэрагъэрэ фиІэу илъэс куэдкІэ фыпсэуну, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыху псоми мамырыгъэрэ ефІэкІуэныгъэрэ яІэну дынывохъуэхъу!

ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІхэмрэ ветеранхэм я советымрэ.

Жэуап гурыІуэгъуэхэр иратыжыну загъэхьэзыр

Урысей Федерацэм и Президентым къызэригъэувам ипкъ иткІэ, УФ-м и Конституцэм и махуэм, дыгъэгъазэм и 12-м, республикэм и прокуратурэм и Іуэхущапіэхэм цІыхухэм щаІущІащ сыхьэт 12 - 20-хэм къриубыдэу.

А ЗЭМАНЫМ къриубыдэу псори зэхэту цІыхуи 8 къекІуэлІащ, абыхэм ящыщу 5-м езыхэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудым теухуа тхьэусыхафэхэр къатхащ.

Прокуратурэм къекІуэлІахэм къаІэта Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ псэупІэхэр зытращІыхьыну щапІэхэр зэрат щІыкІэр, къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ органхэмрэ прокуратурэм и органхэмрэ хуащІ дагъуэхэр, экологиемкіэ, лэжьыгъэмкіэ законодательствэр къызэрызэпаудыр. А псори нэгъэсауэ зэпкърахынурэ жэуап гурыІуэгъуэхэр иратыжынущ.

ЦІыхухэм яІущІэным хуэхэа урысейпсо махуэм республикэм и прокурор Жариков О. О. езыр ищхьэкІэ цІыхуищым яхуэзащ.

КъБР-м и прокуратурэ.

Комсомолым теухуа зэпеуэ

ВЛКСМ-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум теухуауэ КъБР-м и комсомолым и ветеранхэмрэ «Советская молодежь» газетымрэ конкурс ирагъэкІуэкІ.

НЫБЖЬЭГЪУ лъапІэхэ! Илъэс блэкІахэм комсомолым хэтахэм е абыхэм я бынхэу, бынхэм я быныжхэу комсомолыр зищІысым нэхъыжьхэм къаІуэтэжаехэмкіэ щыгъуазэхэм зыфхудогъаз.

Комсомолым, абы фи гъащІэм, фи адэ-анэм, фи адэшхуэхэмрэ анэшхуэхэмрэ я гъащІэм щиІа мыхьэнэм теухуа очерк, эссе, статья фтхыи, къытхуевгъэхь. Абы, фиІэу щытмэ, къыщІыбгъу комсомолым пыщІа сурэтхэр. Ди конкурсым фыхэтын папщІэ ахэр къевгъэхь, фи унэцІэр, цІэр, адэцІэр, комсомолым фыщыщхэта илъэсхэр, абы щыгъэзэщІа къаІэнхэр е фІыгъа къулыкъуэ къагъэлъэгъуауэ щыгъуу. Апхуэдэу мы къыкІэлъыкІуэ ди анкетэми жэуап къефт:

1. Комсомолым теухуа си гукъэкІыж нэхъыфІыр
2. Комсомолым къыздыхэта си ныбжьгъуэхэр
3. Комсомолым и лэжьэкІэм щыщу иджырей щІэблэм къагъэсэбэпыпхъэр
4. Щыуагъэу щытауэ къэфлъытэхэр
5. Комсомолым теухуа уэрэду, фильму, тхыльу нэхъыфІ дыдэу фльагъур
6. Иджыпсту щІалэгъуалэм я апхуэдэ зэгухьэныгъэшхуэ щыІэнхъэу къэфлъытэрэ? Ар сыт хуэдэу зэрыщытын хуейр?
7. Комсомолым теухуа поэзием щыщу нэхъыфІ дыдэу фльагъу сатырхэр
8. Фи адресыр, электрон пощтым и адресыр е сайтыр, телефоныр.

Фи лэжьыгъэхэр электрон теплъэ яІэну къевгъэхь мы адресхэмкІэ: svk.kbr@yandex.ru; pro_raznoe@mail.ru

Тхыгъэ нэхъыфІхэр «Советская молодежь» газетым къытрадзэнущ, ахэр зи Іэдакъэщ Іэкіхэм тыгъэхэр хуащІынущ.

НОБЭ

♦ЦІыхухэм я зэкъуэтынигъэм и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м Къэралым шынагъуэнщагъэ къыщыІэзгъэпэщыныжькІэ и органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1699 гъэм Пётр Езанэм Іэ тридзащ Урысейм Илъэсыщ Іэр щыщагъэлъапІэ махуэу щІышылэм и 1-р гъэувыным теухуа унафэм. Нэхъапэм ар фокІадэм и 1-м яГъэлъапІэу щытащ.

♦1706 гъэм сихьэтибгъум Москва Кремлым и Спасскэ чэщанэм япэ дыдэу къыщеуащ абы щагъэува сыхьэтыр. Тхьэгъуэ 33-рэ зыхэт а сыхьэтыр Пётр Езанэм Голландием щригъэщІат.

♦1917 гъэм ВЧК-р (Урысейпсо чрезвычайнэ комиссэр) къызэрагъэпэщащ. Абы и унафэщІу яГъуват Дзержинский Феликс.

♦1971 гъэм Франджым къыщызэрагъэпэщащ «Дохутырхэм гъунапкъэ яІэкъым» дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦Адыгэпщ, урысеидзэм полковникыу кІулыкъу щызыщІа **ХьэтІохьущокъуэ Исмэхьил-Бей** къызэралъхурэ илъэс 257-рэ ирокІу.

♦КъБР-м щыхь зиІэ и журналист, публицист **Гъуэлпъащ Іэ Заудин** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокІу.

♦ТхакІуэ, журналист, «Іуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь **ХьэІупщы МуІэед** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокІу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Дзэм хамэ хэткъым.

● Щэнхабзэ

Бгырысхэр егъэлъапIэ

Налшык дэт Къэрал концерт гъэлэ-гъуапIэм иджыблагъэ утыку къыщрахьащ «Хребет. Кавказ от моря до моря» кинофильмыр. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм жэрдэм ищIа а Iуэхум жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лыкIуэхэр, студент-хэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ къыргъэблэгъат.

ФИЛЬМЫР зи Iэдакъэ къыщIэкIа сурэттех цIэрыIуэ Ланге Антон и интервьюхэм я зым щыжеIэ ар щытриха лъэхъэнэм Кавказыр игу зэрырихьар, абы щыпсэу цIыхухэм гъэщIагъэуэн куэд зэрадилъэгъуар.

Ланге Антон хузэфIэкIащ Каспий и Iуфэм щегъэжьауэ хы ФIыцIэ Iуфэм нэсыху щыпсэу бгырыс лъэпкъхэм куэдым дамылъэгъуэ щхьэхуэныгъэхэр, гу зылъамыта щыпIэхэр къиргъэлъэгъуэн. Фильмым елэжьа гупым илъэситIкIэ Кавказым и бгылъэ щыпIэхэр кьыззохакIухьащ, зекIуэлI куэдым зызрамыпщыта щыпIэ нэхъ пхыдзахэми теуващ.

Фильмыр тезыха гупыр Дагъыстэн, Ингуш, Осетие Ищхьэрэ - Алание, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн, Адыгэ республикэхэм, Краснодар, Ставрополь щIыналъэхэм я «гущIэм» иплъам и мызакъуэу, дэтхэнэ щIыпIэри фIыуэ щIэплъагъун, ущIыдиихьэхьн щхьэусыгъуэ кIуату телевизорелъым и пащхьэ екIуу иралъхьжащ. Ланге и фильмым елъын хуейр Кавказыр къэзыцIыхуну хущIэкъуэхэм я закъуэкъым, атIэ езы щIыналъэм щыпсэухэми куэдкIэ кьахуэщхьэпэнущ ар. Фильмым дэ дымыщIыхь щIыпIэ дахэ куэд къыззригъэлъагъуэм и мызакъуэу, ди хэкум и тхыдэри къыщIэуэтэж.

«Урысейм щыпсэу дэтхэнэ цIыхухъури, зэ нэхъ мыхъуми, Кавказым щыхьэщIэн хуейуэ къызолъытэ. Дэ, къалэм щыпсэууэ есахэм, щIыуэпсыр къэдгъэIурыщIауэ къытфIощIыж, ауэ ар пщIыщ. Зы бгырыси арэзы техъуэфынукъым а гупсысэм, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыхэм щIыуэпсым и зэфIэкIымрэ и къаурмрэ ягъэунэхуащ. Абы и къаур абрагъэщ. ПцIы лъэпкъ хэмылъу, укъыщежьам бгъэзэжауэ къыщыпщохъу Кавказым.

Кьалэ, къэрал куэд дыдэм сыщыIащи, схужыIэнущ бгырысхэм хуэдэу зи хабзэ, бзыпхъэ зыхъумэж нэгъуэщI зы лъэпкъи ди къэралым зэримысыр», - жIэ Антон.

Таурыхъым и лъахэщ кином щыпIалъагъур, цIыху гупсысэкIэ кьыпхуэмыгъэщIын а дуней зэ IуплъэгъуэкIэ нэр етхьэкIу, икIи щхьэжумыту урегъэжауэпсэ а щIыпIэхэм укъыщыхьутэну. Ланге Антон и фильмым бгырыс лъэпкъхэм я мылъку гъэтIылъам, псэемыблэжу яхъума хабзэхэмрэ дуней кьабзэмрэщ кьыщыгъэлъэгъуар. Кавказым теухуауэ траха фильм бжыгъэншэхэм иджырейр сыт кьащхьэщызыгъэкIыр? - жызыIэни щыIэу кьыщIэкIынщ, ауэ Ланге Антон Кавказым и фIыпIэхэр зэрыщыту кьегъэльагъуэ, абы щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэр иджырей зэманым зэрыщыззрахьэфым, цивилизацым и архъуанэм зыщызыхъумэжьфхэм пщIэ хэха яхуещI, ижьижьыж лъандзэр нэхъыжьхэм яхуха псэукIэ пщыкIэм бгырыс фэгъэкIуэн куэдым зэрыщIихъумар кьыхегъэщ.

Дьяконов Денис *(фильмым и режиссер)*: «Кавказым сыщыхьэщIа иужькIэ бгырысхэм хьэл ткIий щIахэлъыр зыгъэгурыIуащ. Ахэр щыпсэу щIыуэпсым, дунейм нэгъуэщIу укъыщелынукъым, а ткIиягъэр хэмылтэ, зы хабзи хьума хьунукъым. Я гупсысэ, хуитыныгъэ кьызэзэкIыу еса кьалэдэсхэмрэ бгырысхэмрэ, дауи, зэхуэдэнукъым. Абыхэм яхэсыгъуейуэ жаIэ - ар пцIыщ. Я хабзэм пщIэ хэзгъэпIэ абыхэм уемыбакъэмэ, хьэщIагъэшхэм кьуахынущ.

Борискин Илья *(сценарист)*: - Кавказым теухуауэ зэбграгъэкI хьыбар мыщхьэпэхэм я зэранкIэ, абы кIэну куэд тегушхэрэкъым. Фильмыр зэрыштха илъэситIым, дышхэкъуэным нэхъ дызытегушхэрэ щхьэусыгъуэ дрихьэлIакъым. Бгырысхэр ерыскъыфIыщ, нэхъыфIу яIэр хьэщIэм кьыхутралъхэ. Сэ схуэщIэнур зыщ - иджыкIэ Кавказыр гупсэхугъуэм и лъахэщ.

Сысоев Валентин *(оператор)*: - Фильм нэхъыщхьэ си гум фIыуэ илъагъуэ щIыпIитI сиIэ хъуащ, зыр Полярнэ Уралращ, адрейр Кавказыращ. А щIыналъэм туризмэм зыщгарэзуэжьмэ, щIыуэпсыр щауцIэпIынкIэ сошынэ, ар ухуэсакъыу пхъымэн хуей щIыпIэщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Тэрч щIыналъэ

Къабзагъэм кIэлъоплъ

КъБР-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм мазищ кьэс ди республикэм и щIыналъэхэм къэпщытэныгъэ щрегъэкIуэкI.

ИДЖЫБЛАГЪЭ Iуэхущ Iапl эм и щIэныгъэлIкэм Тэрч районым и жылагъуэхэр кьызэхакIухьащ. Къапщтэмэ, ахэр арэзы техъуащ Хьэмидей кьуажэм джабэ нэкIухэр зэрыкьэщIагъэкъэбзам. Дейскэм зы пхъэнкIий идзыпIэ щрагъэкъэбзыкIащ, хабзэм кьемызэгъэпIу Урожайнэм щаубла кIэрыкуфбжьэрыху зэхуэхьесыпIэ зыбжанэ щагъэсеящ.

Мыбыхэм елъытауэ къабзагъэ Iуэхур мащIэу Iэщ Iыб щащIащ Плановскэм: щIэх-щIэхыурэ пхъэнкIий идзыпIэщIэхэр кьыщоунэху. Абыхэм унафэ тращIыхьуи щыткъым. Тэрч кьалэм и щытыкIэми арэзы быдэ кьищIакъым кьэпщытакIуэхэр. Уэрамхэм щыIэн хуей къабзагъэ мардэхэр кьызэпыуда мэхъу. Абы кьыхжIыу кьалэм и пхъэнкIий идзыпIэ нэхъыщхьэм и хьуреягъым щIэх-щIэхыурэ мафIэсхэр кьыщохъу, щIыпIэм уэзрекIуалIэ гъэгурэхэр пхъэнкIиймкIэ сеящ, гъэнэгу жылагъуэхэм зэран яхуэхъуу. Псом нэхърэ нэхъ хьэдэгъэдахэр унагъуэхэм кьагъэсебэпа псы фIейр Дейскэм и псы ежэхьм хаутIыпщхьэу кьызэрыщIкIарц.

Мы Iуэхугъуэхэм унафэ ягъуэтынущ. Къэпщытэныгъэхэр здекIуэжьым кьыхагъэщащ кьалэр къабзэу зехьэным си мылъку хэзылъхьэн хьэщIэ зэрыхуейр.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

● Гу зылъытапхъэ

Хьэрычэтыщ Iэхэр кърагъэблагъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Жариков Олег КъБР-м Хьэрычэтыщ Iэхэм я хуитныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэ Афэщ Iыжь Юрэ щIыгъуэ хьэрычэтыщ Iэхэм яхуэзэнущ 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м сыхьэт 11-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху.

Зэ Iущ Iэр щекIуэкIынур прокуратурэм и хэщ Iапl эращ: Налшык къалэ, Куливеным и уэрам, 16.

● Абы дегъэпIейтей

Хэт адыгэбзэм еныкъуэкъур?

«Урысейм ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр ди щэнхабзэм кьыпхугуэмыхьын Iыхьэу хэтщ. Конституцэм хэти уиут ещI ахэр иджыну, ар гукъыдэжкIэ кьыхах хуитныныгъэщ. Ауэ цIыхум и анэдэлъхубзэу щымыт бзэр зригъэщIэну щIыхэбгъэзэныхьын щыIэкъым, урысыбзэр нэхъ мащIэу е нэхъ мыхьэнэншэу ебгъадж зэрымыкъуэкIуэ хуэду дыдэу», - щыжиIауэ щытащ Урысейм и Президент Путин Владимир 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м Лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ советым и зэIущIэу Йошкар-Ола кьалэм щекIуэкIам кьыщыщыпсалъэм.

«ЗЭКъЫМ, тIэуукъым сызэрытепсэлъыхьар лъэпкъ Iуэхуэхэр цIыхугум тыншу зэрежаIэм, кууу зэрызыхищIэм, абы кьыхэкIыу, ахэр щабэу, Iущу зэфIэхьын зэрыхуейм», - жиIат Президентым.

Ахэрат унафэщIыр лъэпкъыбзэхэм тепсэлъыхьын хуей щIэхъуар республикэ щыхэхуэхэм щыпсэу урыс сабийхэм ямыанэдэлъхубзэ ящыIэн хуей зэрыхъум кьыхэхIыу абыхэм я адэ-анэхэр зэрытхьэусыхарат. Ауэ Путиным жиIам кьипхынкIи Iэмал иIэтэкъым «Анэдэлъхубзэ фымыдж», жиIэу.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, Президентым и унафэр пхэнжу кьызыгурыIуа зэрыщIынэм и щапхъэ хъуащ иджыблагъэ Налшык щызэбгрыкIа «Адыгэбзэр дяпэкIэ яджыжьынукъым» хъыбарыр. Хьыбар кьудейуэ къэмынэу, «Iуэхур Iуэху зыщIахэри» щыIэщ.

Щэбэтым, дыгъэгъазэм и 15-м, Налшык дэт епщыкIуплIанэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ балъкъэрбзэмкIэ я егъэджакIуэхэр зэхуэщIэн, 10 - 11-нэ классхэм щеджэ сабийхэм кьыкIэлъыкIуэ илъэсым щыгъэжьауэ лъэпкъыбзэхэр зэрырамыгъэджыжьынур кьыжьаIащ.

«Инжфэр прокуратурэм кьызбгъэдокI», - кьыжраIащ егъэджакIуэхэм. «Фи сыхьэт бжыгъэхэм хагъэщIынкIэ фымыгузавэ. 10 - 11-нэ классхэм адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ щезыгъэджэжм яIыгъа сыхьэт бжыгъэм хуэдизу дыдэ «Краеведение» ирагъэджыну кьратыжынущ», - «ягъэгуфIащ» ахэр.

КьыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэу егъэджакIуэхэм унафэ кьыхуащIащ: «10 - 11-нэ классхэр адыгэбзэ (балъкъэрыбзэ) зэремыджэжынумкIэ сыарэзыщ», - жысIэу «заявленэ» фтхыи, Iэ щIэвдзык». ЕгъэджакIуэхэм а унафэр зэгъэщIэн ядакъым. «Iуэхур прокуратурэм кьызэрырихьэжьар пэжмэ, унафэр зэрыт тхьылъымпIэр дыгъэльагъу!» - жаIащ абыхэм.

Къэрал IэнатIэ щылажьэ дэтхэнэ зыми ещIэ егъэджэныгъэ Iуэхуэхэм теухуа унафэхэр ЩIэныгъэмкIэ министерствэм кьыщIэгъдэкIыу зэрыщытыр. Ауэ хьыбар зэрагъащIа, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм и IуэхуэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр Iуэхум щымыгъуаз зэхэхуэ кьыщIэкIащ.

Упщ Iэ хуоув: ЩIэныгъэмкIэ министерствэм ящIэжьакIуэ егъэджакIуэ гъэм теухуа унафэ прокуратурэм сыт щхьэкIэ кьищтэн хуей хъуа, ари еджапIэ щхьэхуэм хуэгъэзауэ?

14-нэ еджапIэм и егъэджакIуэхэм «эралъэфыхьыхьу», хьыбарыр Интернет цIыхубэм яIэрыхьэри, Iуэху цIыкIур Iуэхуэмхуэ хъуащ, уеблэмэ урысыбзэкIэ фIэкIа си губампIэ къэзымыIуатэхэри кьахэуващ адыгэбзэр щыхупIэм зэрыбгъэдашэр кьуаншэгъэшхуэу кьэзыгъэтхэхэм. Апщондэку япэ мывэр зытехуа 14-нэ еджапIэм Iут егъэджакIуэхэм унафэщIэ кьыхуащIащ: «Адэ-анэхэм заявленэ евгъэтх адыгэбзэ яджыну зэрыхуеймкIэ». «Прокуратурэм папщIэ», - кьыщыхоущ аргуэрми.

Гу лъытапхъэщ а еджапIэм и унафэщIыр и зи чэзу зыгъэпсэхугъуэм зэрыщыIэм, Iуэхур зэфIэзыхьар абы и къуэдзэхэраз зэрыщытым.

ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа Путин Владимир и псалъэр захуагъэм тету гъэзэщIэнымкIэ щапхъэ дахэ кьэзыгъэлъэгъуахэм ящ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр. КъШР-м ЩIэныгъэмкIэ и министерствэм и унафэщI Кравченкэ Инн э гу лъитащ Путин Владимир и псалъэр зытеухуам кьыхэпхъэтауэ зэрырахьэжьам щхьэхэкIыу, лъэпкъыбзэхэм ятеухуауэ щыуагъэ куэд кьежьэнкIэ зэрышынагъум. «Ди щIыналъэм щызекIуэ унафэхэр къэралым щаубзыхухэм тедгъэхуэным дыщелIалIэкIэ, дэ ди кьалэнщ къэралыбзэхэр джынымкIэ унафэмрэ хуитныныгъэмрэ я зэпэшанэр кьэдгъэутыныр», - жиIат Кравченкэ Иннэ, анэдэлъхубзэхэм я Iуэхур КъШР-м зэрыщытам хуэдэ дыдэу кьыззэрыщынэнур, ар ящынныр зэрырыхэрал унафэр гурыIуэгъуэ кьыщалъытащ а зэхуэс щхьэпэм.

Тхыгъэр дгъэхьэзыр пэт, хъыбарыфI кьытIэрыхьащ: дыгъуасэ, дыгъэгъазэм и 19-м ищхьэкIэ зи гугъу тщIа 14-нэ еджапIэм и егъэджакIуэхэр зэхуэшэсри, лъэпкъыбзэхэм я Iуэхур зытетам кьызэрытенэжьынмкIэ хъыбар кьраIэщIащ.

ТЭРИМ Марианнэ.

● ЗэпыщIэныгъэхэр

«Зэдэлажьэ - лэжьыгъэ бэвщ»

«Урысейм и къурш кIапсэ гъуэгуэхэр» зыфIащ Iуэхущ Iапl эм зэхэтым и проектыр пхыгъэкIыным пыщIа Iуэхугъуэхэм хьыхьэу, Франджым и POMAS.AS. компанием и Iэщ Iагъэлъ Iэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм и завод нэхъ пажэхэм щыIащ.

ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ («Архъыз», «Iуащхьэмахуэ», «Ведучи» турист-рекреацэ комплексхэм я лыкIуэхэм, нэгъуэщIхэми) кьаплъыхьащ Шэшэн Республикэм щыIэ «Мединструмент», «Красный молот», «Грозный» кьалэ дэт электромеханикэ завод» предприятэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Севкавреитген-Д» Iуэхущ Iапl эр, Къэрэшей-Шэрджэсым и «Дервейс» авто-предприятэмрэ хьэфэм кьыхэщIыкIа техникэ пкъыгъуэхэр кьыщIэзэгъэкIыу Черкесск кьалэ дэт заводымрэ.

Гупым хэтхэр а предприятэхэм кIуащ, зи гугъу тщIы проектым елэжьыныкIэ дэтхэнэми и къару здынэсыр, и зэфIэкIыр зыхуэдэр кьапщытэн, зэхагъэкIын мурад яIэу: кIапсэ гъуэгуэхэм пкъралъхьэ пкъыгъуэхэр кьызэрыщIагъэкIын техникэрэ Iуэхум бгъэдагъэувэфын Iэщ Iагъэлъ IэмкIэ ирикъуу кьызэрыгъэпщIар, къэралым зэхуэку зэгурыIуэныгъэхэм хэтахэм ахэр зэрагъэзэщIар, нэгъуэщIхэри.

POMAS.AS. компанием и лыкIуэхэм кьызэралъытэмкIэ, здэщIа заводхэм я языныкъуэ цехэр зыхуеину Iэмэпсымэ псомкIи мы зэманым зэщIэуэздащ.

- Унафэ пыуыкIам мызэкIэ дыкъытемыувыIэфми, зи яужь дихьа проектыр Кавказ Ищхьэрэм зэрыщыпхыдгъэкIыфынум шэч кьытетхьэркъым, - кьыхагъэщащ Франджым кьикIа хьэщIэхэм. - Дэ дызэрепльымкIэ, кIапсэ гъуэгуэхэр кьызыхэкI, зэкIуалIэ станц къэс и ухуэкIэр ар зэрыт хэгъуэгуэм и дахагъэм, абы щыпсэухэм я щIыпкIэ-псэукIэми тегъэпсыхьауэ щытыпхъэщ. Дэ кьыззэрытлъытэмкIэ, апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм щIыналъэр зыхуэдэр туристхэм я дежкIэ нэхъ «къэцIыхугъуафIэ» ищIынущ.

Кавказ Ищхьэрэм и предприятэхэр кьэзыплъыхьа хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ («Архъыз», «Iуащхьэмахуэ», «Ведучи» турист-рекреацэ комплексхэм я лыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри) зэгурыIуащ «Урысейм и кьурш кIапсэ гъуэгуэхэр» зыбгъащ предприятэ зэкъуэтым и тхылъхэр - уставым и проектымрэ и бизнес-планымрэ - зэхэгъэувэным хуэгъэза лэжьыгъэхэм зэман мыжьыхьэм кьриубыдэу пащэну.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Прохладнэ щIыналъэ

ЩIэблэр хэкупсэу ягъасэ

Прохладнэ къалэм щекIуэкIащ Хэкум папщIэ зи псэр зыта сэлэтхэм я фэеплъ пэкIу.

ЗЭХУЭСЫР теухуат кьыдэкIуэтей щIэблэр зауэ блэкIахэм я тхыдэм, я адэшхуэхэм Хэкум папщIэ зэрахьа лIыгъэм щыгъэгъуэзэным. Пэкlум хэтащ щIыналъэ, кьалэ администрацэхэм, КъБР-м и дзэ комиссариатым, Прохладнэм щIыIэ дзэ частхэм, Тэрч-Балъкъ хэзэкъ округым, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я щIыпIэ Советым я лыкIуэхэр. Ахэр тепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэр, Афган зауэр зи фэ дэхуахэм, Куржы-Абхъаз зэпэщIэтыныгъэ гуащIэм, Чернобыль АЭС-м и Iэужь шынагъуэхэр гъэкIуэдыным я гъащIэм емыблэжу хэта ди щIалэхэм.

Къэпсэлъахэм кьыпакIухьакъым Сириер хуит хъужьныкIэ Урысейм игъэзэщIа кьалэным. Пэкlум апхуэдэу кьыщIэтащ европей къэралыгъуэхэм зауэ нэжьым щагъэувауэ щыта фэеплъхэм иужьрей зэманым кIэлъыплъэрахьэ лейм. Зэхьыхэм и кIэхъум ныбжьыщIэхэр кьыхуараджащ мамырыгъэм, зэкъуэтыныгъэм, Хэкумрэ лъахэмрэ яхуэпэжьыным.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Жыжьэ - гъунэгъу



Сэмэгумкlэ къыщыщIэдзауэ: **Пщыонкъуэхэ Хьэпагуэ, Лалыхъ, Хьэмзэт, ТIэмашэ, Барэсбий.**

ФIыщIэ жыг зыхуэфащэхэр

Хэку зауэшхуэм и пэкIэ Кэнжэ къуажэм щызэхэта колхозыр и ехъулIэныгъэхэмкIэ къэрал псом щIэрыIуэ щыхъуат. 1936 гъэм мы жылагъуэм и лыкIуэхэр хэтащ колхозхэт пэрытхэм я Союзэпсо зэхуэсым. Абы щыгъуэ къэралым и дамыгъэ лъапIэхэмкIэ Калинин Михаил къахуэупсат ди къуажэдэс зыбжанэм. Къэбгъэлъагъуэмэ, Лениным и орденыр кьратат колхозым и унафэщI Блэныхь Темыркъанрэ бригадир Гуэщей Хьисэрэ. «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр кьыхуагъэфэщат бригадир Къумакъ Хьидарэ пионер Хьэмгуокъу Барэсбийрэ.

АПХУЭДЭ щIыхь ахъырэзэман куэд дэсащ къуажэм. Ахэр я IэужьыфlхэмкIэ щIэрыIуэ зэхуэдизу, куэдым къащIыхурт, я хъыбарыфlхэр газетхэм, телевиденэм, радиом щIэх-щIэхыурэ яIуатэрт. Абыхэм я мызакъуэу, Кэнжэ мыимащIэу дэсащ къызэрыгуэкI лэжьакIуэу, «къыгралъхьэр и хьэпIэщ» жыхуаIэм хуэдэу, хьэрэмыпIэнэшэу зи кьалэным бгъэдэтахэр, щIэрыIуэ мыхьуами, колхозым, жылагъуэм гугъу зыхуэзыгъэхьажэр. Абыхэм ящыщт Iэщ ыхъуэхэу Балэхэ Шыкъэ, ФIыцIэ, Тэтэрхэ Бэчыр, ТIэмашэ, Бэрэгъунхэ Iэюб, Тэркъан, Блэныхь Зэчий, Иуаз Токъу, Гуэщей Мурат, Бекъуй Назир, ПщыонкъуэУ Мухьэб сымэ. Ахэр лэжьафIэхэр, зэпIэзэрыIт, цIыхухэм яхуэгуапэт, дэтхэнэми яIэкIымкIэ зэрызыщIагъэкъуэным хэтт.

Жылэм, къэралым хьэлэлу яхуэлэжьахэм ящыщщ ПщыонкъуэУ Хьэпагуэрэ Бекъуй Мышыкъэри. Абыхэм я гуащIэ куэд халъхьащ жылагъуэм зэрыгушхуэ Iэщ лъэпкъыфI 550-мрэ щхьэ бжыгъэ мин 12 хьу мэл гуартэмрэ бийм Iэрымыгъэхьэным.

ГАШИСТХЭР ди щIыналъэм гъунэгъу кьыхуэхьурт. Налшык Зыхъумэжьмкlэ гъэмкIэ щыIа комитетым унафэ кьищтат колхозхэм я Iэщыр, мэкъумэш техникэр, гъавэрг ъэIэпхъэщэ, ахэр бийм Iэрымыхьэу хъумэн зэрыуейм теухуауэ. Кэнжэ и Iэщ ыхъуэхэм пщэрыльэ щащIат Къущхьэхъу щыIэ я хъушэр кьуршым щызэпрагъхуну. Ар я мураду, Iэщыр Iуащхьэмахуэ лъапэкIэ ирахужьащ. ХъупIэм щылэжьа шкIахъуэ цIыкIухэмрэ жэмышу, пщафIэу абы щыIа хъыджэбзхэмрэ щыгуитIым ирагъэтIысхьэщ, нэхъ лIыжьитIи абыхэм гъусэ хуащIри, кьуажэм къэкIуэжыну кьатутIепщыжащ. Хьэпагуэ яхэту кьэна адрей гупым Iэщыр Куржым яхуну ирахужьащ, уэ ЗыхъумэжьныгъэмкIэ комитетым и лыкIуэри ямыгъэуту, гъэгурри ямыцIыхуу губгъуэм кьинащ - здагъэзэнур ямыщIэу, Iэщри я гъусэу фронтым и щIыбкIэ кьыщыхутащ. ЖыпIэнурамэ, гъэр пэлъытэ хьуат ахэр.

ЩIыуэфIми щыуэлбанэми, ди щхьэр нэхъапэщ жамыIэу, кьуажэ Iэщыр зэрахъумэным тегужьеикIауэ губгъуэм куэдрэ итащ ахэр - къуршым щхьэдэхьнуи Iэмал яIэжтэкъым, кьуажэм кьагъэзэжи хъуртэкъым. ЛIыжьхъэр зэчэнджэщри зэгурыIуащ: «КъуажэмкIур нэхъапэщ, Iэщхэр щхьэрыпIытщ щIыуэ губгъуэм идутIепщыжкащ. Хьэпагуэ яхэту кьэна адрей гупым Iэщыр Куржым яхуну ирахужьащ, уэ ЗыхъумэжьныгъэмкIэ комитетым и лыкIуэри ямыгъэуту, гъэгурри ямыцIыхуу губгъуэм кьинащ - здагъэзэнур ямыщIэу, Iэщри я гъусэу фронтым и щIыбкIэ кьыщыхутащ. ЖыпIэнурамэ, гъэр пэлъытэ хьуат ахэр.

ЩIыуэфIми щыуэлбанэми, ди щхьэр нэхъапэщ жамыIэу, кьуажэ Iэщыр зэрахъумэным тегужьеикIауэ губгъуэм куэдрэ итащ ахэр - къуршым щхьэдэхьнуи Iэмал яIэжтэкъым, кьуажэм кьагъэзэжи хъуртэкъым. ЛIыжьхъэр зэчэнджэщри зэгурыIуащ: «КъуажэмкIур нэхъапэщ, Iэщхэр щхьэрыпIытщ щIыуэ губгъуэм идутIепщыжкащ. Ди хьэпапэ куэдрэ жиIэжырт а зэман зэхэмыбзым цIыхуитI зэфIэмыпэу, псалъэ жагъуэ зэзэпIэс къэхэмыкIыу, кьуажэ Iэщыр сискэкIэ зыхуэгуэшахэм ахэр колхозым иратыжауэ зэрыщытар.

СЭ ЗИ ГУГЪУ сщIыжар а лъэхъэнэ шынагъуэм и зы теплъэгъуэщ. ЦIыхум и фэм дэмыхуэн жыхуаIэм хуэдизу гугъуэхэ ягъэващ зауэ зэманым фронтым Iутахэми, мыдкIэ абыхэм я шхын, я щыгъын, зэрызэуэн Iэщэ зэзыгъэпэщу лэжьа посми. Я кьару емыблэжу, я щхьэ япэ ирагъэщыным емыгупсысыхху я зэманым тылым щылэжьахэм фIыщIэ жыг яхуэхэпсэну яхуэфащэщ.

ПЩЫОНКЪУЭ Хьэбас.
Кэнжэ къуажэ

Си еджапІэ - си къежьапІэ

НапэкІуэцІыр зыгъэхъазырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Зэманым добакъуэ

Къамбий Мухьэб и цІэр зэрихьэу Къармэхьэблэ жылэм дэт курыт школ №1-р ящыщ ныкъуасыгъ мы гъэм илъэс 80 иригъэкІуа. А Іуэхугъуэр щагъэлъапІэ зэхьыхьэ гуапэ иджыблагъэ щекІуэкІащ еджапІэм. Абы щиплъэжащ школым къикІуа гъэзугуанэ купщІафІэм, наІуэ къыщащІащ Іуэхущ1апІэм и нобэрей гъащІэр, къэкІуэнум епха мурадыщІэхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ щытепсэлъыхьащ.

ГУФІЭГЪУЭМ хьэщІэ куэд кьрихьэлІат: КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къужей Артём**, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министрым и куэдзэ **ЩэнтІыкъу Иринэ**, Дзэлыкъуэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ **Джатэ Руслан**, кьуажэм щылажьэ Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІыуэхэр, курыт школхэм я унафэщІхэр, егъэджэныгъэм и ветеранхэр, нэгъуэщІ зэІущІэхэр.

А школым и тхыдэр зэхэухэнащ ары и егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ я я гъащІэ налъэхэмкІэ, абыхэм зэфІаха лэжьыгъэхэмрэ яБгъэдалъэ Іуэху зехьэкІэхэмкІэ. 1937 гъэм ялэу зи бжэр зІуаха еджапІэр абы и лэжьакІуэ, гъэсэн куэдым я дежкІэ хъуащ етІуанэ унэ. Шоклыр гъэунэхуныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр ехьулІэныгъэ пылъу щагъэкІуэкІ утыкушхуэ хъуащ. Лъэпкъ республикэхэм щылажьэ школхэм я пэщІэдзэ класхэр урысибзэкІэ егъэджэн хуейуэ къыщыхалъхьам щыгъуэ, Къармэхьэблэ дэт курыт школ №1-р ящыщащ ди щыналъэм ялэу апхуэдэ Іуэху зехьэкІэр къыщызыщтахэм.

ЕджапІэм и тхыдэр къыгурэхыпІэ имыІэу епхащ абы и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа Къамбий Мухьэб Алим и къуэм. Абы и ГъащІэмрэ зэфІигъэкІа лэжьыгъэмрэ теухуауэ зэхуэсым куэд щыжаІащ. Илъэс 41-кІэ Къамбийр пэрытащ егъэджэныгъэ ІэнатІэм. 1957 гъэм абы къыфІащащ «КъБАССР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ» цІэ лъапІэр. Куэд дэмыкІыу ар ягъэуващ а школым и унафэщІу икІи Дзэлыкъуэ къыхуащІа а Іэнатіэр иригъэфІакІуэу илъэс 30-м щигъэкІэ зэрихьащ.

Зи пашэ еджапІэр сыт хуэдэ лъэныкъуэкІи щапхъэу щытын хуейуэ къыпльытагъэ. Къамбийм. Зи къалэнхэр ныкъуасаныгъэншэу зэфІэзых унафэщІыр езыр щапхъэ яхуэхъурт къыдэлажьэхэми иригъаджэхэми. Зэман кІэщІым къриубыдэу Мухьэб еджапІэр Дзэлыкъуэ щІыналъэм щыпэрытхэм, республикэм щынэхъыбІхэм яхригъаІытэфащ.

И Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, зэфІэкІышхуэ зиІэ егъэджакІуэ щыпкъэм и Іуэжьыбфіхэр куэд мэхъу. Школым къыщызэрагъэпэщат ныбжьыщІэхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІхэр щагъэнахуэ гупжьей зыбжанэ, щылажьэрт предмет щхьэхуэхэр кууэ щрагъэдж факультативхэр. ЗыІэригъэхьэ екъуупІэныгъэ лъагэхэр кьалъхьэри, школыр хъуащ Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ республикэ институтым практикэ лэжьыгъэхэр щригъэкІуэкІ Іуэхущ1апІэ. Абы щрагъэкІуэкІри республикэпсо, урысейпсо конференцэхэр нэгъуэщІ зэІущІэхэр.

А лъэхъэнэм абы зэтриубла егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэр лъабжьэ быдэ хуэхъуащ школым икІи Къамбийм иІа Іуэху зехьэкІэр, щыху хэтыкІэр нобэр къыздэсым я щапхъэу къоклуэкІ.

Зи цІэр фІыкІэ Іуа егъэджакІуэ гумызагъэм къэрал гулъытэ лъагэ иГуэтащ. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэкіэ 1968 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыфІащащ Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь цІэ лъапІэр, Лениным и орденымрэ «Гъубжэрэ Удэрэ» дыщэ медалымри къратуу. 1996 гъэм Къамбийм и цІэр фІащащ ар зи унафэщІу щыта школым. А цІэм ирипагэу зэрахьэ Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэлІэкІэм абы и гъэсэнхэмэ.

ЕджапІэм и тхыдэр къыгурэхыпІэ имыІэу епхащ абы и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа Къамбий Мухьэб Алим и къуэм. Абы и ГъащІэмрэ зэфІигъэкІа лэжьыгъэмрэ теухуауэ зэхуэсым куэд щыжаІащ. Илъэс 41-кІэ Къамбийр пэрытащ егъэджэныгъэ Іэнатіэм. 1957 гъэм абы къыфІащащ «КъБАССР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ» цІэ лъапІэр. Куэд дэмыкІыу ар ягъэуващ а школым и унафэщІу икІи Дзэлыкъуэ къыхуащІа а Іэнатіэр иригъэфІакІуэу илъэс 30-м щигъэкІэ зэрихьащ.

Зи пашэ еджапІэр сыт хуэдэ лъэныкъуэкІи щапхъэу щытын хуейуэ къыпльытагъэ. Къамбийм. Зи къалэнхэр ныкъуасаныгъэншэу зэфІэзых унафэщІыр езыр щапхъэ яхуэхъурт къыдэлажьэхэми иригъаджэхэми. Зэман кІэщІым къриубыдэу Мухьэб еджапІэр Дзэлыкъуэ щІыналъэм щыпэрытхэм, республикэм щынэхъыбІхэм яхригъаІытэфащ.

И Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, зэфІэкІышхуэ зиІэ егъэджакІуэ щыпкъэм и Іуэжьыбфіхэр куэд мэхъу. Школым къыщызэрагъэпэщат ныбжьыщІэхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІхэр щагъэнахуэ гупжьей зыбжанэ, щылажьэрт предмет щхьэхуэхэр кууэ щрагъэдж факультативхэр. ЗыІэригъэхьэ екъуупІэныгъэ лъагэхэр кьалъхьэри, школыр хъуащ ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ республикэ институтым практикэ лэжьыгъэхэр щригъэкІуэкІ Іуэхущ1апІэ. Абы щрагъэкІуэкІри республикэпсо, урысейпсо конференцэхэр,

Шинкубэ Бэгърат Налшык щагъэлъапІэ

Абхъазым и ЦІыхубэ тхакІэ Шинкубэ Бэгърат къызэралъхуРз илъэси 100, Абхъаз къэрал университетыр къызэрызэрагъэпэщІрэ илъэс 85-рэ зэрырикъур дыгъэгъазэм и 13-м щагъэлъэпІащ КъБР-м Щэнхабзэмкі э и фондым.

ПШЫХЬМ кірихьэлІат Абхъаз Къэрал университетым и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ, Шинкубэ Бэгърат и творчествэр фІыуэ зыльгъуХэр, Куржы - Абхъаз зауэм и ветеранхэр, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамблым и унафэщІхэр, нэгъуэщІхэри.

Фондым и унафэщІ **Вэрокъуэ Владимир** пшыхьыр къыщыдзэІуихым тепсэлъыхьыжащ тхакІуэ цІэрыІуэ Шинкубэ Бэгърат я фондым къратъеблагъэуэ зэрыщытам, абы траха сурэтхэмрэ нэтынымрэ яджыри кьыздэсым зэрахъумэм. Апхуэдэуи Вэрокъуэм фІыщІэ яхуищІащ абхъаз литературэм и тхакІуэ пажэм и фэеплъыр ягъэлъапІэну Налшык кьеблагъэ гупым.

- Абхъазхэм я щэнхабзэ центр Налшык къыщыдзэрагъэпэщІрэ илъэсищ хъууэ араща, ауэ я зэманым дэ куэдым дыхунэсащ. А Іэхуэхэр кьыдэхъулІэрэ кьыдэмыхъулІэрэ жызыІэфынур фэращ. Хуабжьу ди гуапэщ Абхъазым кьикІа гуп ди Іуэхуэм хэтыну кьыззрытхуеблагъэр, - жиІащ. «Абхъазхэр» лъэпкъ-щэнхабзэ центрым и унафэщІ **ГъукІапщэ Ингэ**. - Мы пшыхьыр кьызздгъэщыныжмкІэ хуабжьу сэбэн хъуащ Щэнхабзэмкі э фондым и унафэщІ Вэрокъуэ Владимир, Абхъаз къэрал университетым и ректор Гварамие Алекэ, КъБКъМУ-м и ректор Апажэ Аслъэн сымэ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейт зи цІыкІуэхэм ди лъэпкъхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэ гъэбыдэныжмкІэ сыт щыгъуи яхузэфІэкІ зэращІэр. ЗыщыдгъэгъупщэнкІэ Іэмал иІэкъым Абхъазыр гузэвэгъуэ щІихуам ящу кьыдэІэпыкъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэращыщыр. Лъэпкъхэм я зэпыщІэныгъэм хуэлажьэ дэтхэнэми фІыщІэ хуэфащщ.

ГъукІапщэ Ингэ

ХьэкІуащэ Мадинэ

Пшыхьым щагъэлъэгъуащ Шинкубэ Бэгърат абхъазыбзэкІэ лъэпкъым зэрызыхуигъазэр.

КьыкІэлъыкІуэу псалъэ иратащ Абхъазым кьикІа гупым я унафэщІ, филологие факультетым и декан **Хагуш БэтІал**.

- Абхъазхэм я центр Налшык кьыщызэІухынкІэ зи жэрдэм, абы зи гуащІэ хэзыльхьа псоми фІыщІэ фхуэсщІынкІэ сыхуейт. Абы и фІыгъэкІэ ди зэкъуэтныныгъэр нэхъ быдэ, лъэщ хъуну сыщогугъ. Нобэ дыщыІэзхуэса Шинкубэ Бэгърат и творчествэр Абхъаз литературэм и мафІэ мыужыхьащ, абы и Іэдакъэщ1кІэхэм ди лъэпкъыр щыІэпІэ куэдым кьыщрагъэІыцІыхуащ. Мыпхуэдэ Іэхуэ щхьэпэхэр зи жэрдэм Щэнхабзэмкі э фондымрэ ди институтымрэ дяпэкІи дызэдэлэжьэну, Іэхуэ зэдэтщІэну дыщогугъ, - кьыхигъэщащ Хагуш БэтІал.

Абхъаз къэрал университетыр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 85-рэ щрикъум ирихьэлІэу ирагъэІуа дыжьын ахъшэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ пшыхьым щратащ Щэнхабзэмкі э фондым и унафэщІ Вэрокъуэ Владимир, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, генерал-лейтенант Сосналы СультІан и щхьэгъусэ Сосналы Любэ сымэ, нэгъуэщІхэми.

Шинкубэ Бэгърат и творчествэм, литературэ щІэиным теухуауэ щытащ АКъУ-м абхъаз литературэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ **Джанджуе Диана** и къэпсэльэныгъэр. Апхуэдэуи абы кьыхигъэщащ. Абхъазыр щхьэхуит хъужыным теухуауэ екІуэкІа зауэм генерал Сосналы СультІан кьыщигъэльэгъуа зэрэфІыр, фІыщІэ яхуищІащ а мафІаем зи бын хэта анэхэм.

Шинкубэ Бэгърат Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ тхакІуэхэм яхуэзауэ зэрыщытам и гугъу ищІащ АКъУ-м абхъаз литературэмкІэ и кафедрэм и доцент **Чурей Дыжьын**.

Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкі э и институтым, КъБКъМУ-м, Абхъаз къэрал университетым я студентхэр Шинкубэ Бэгърат и усэхэм бзэ зыбжанэкІэ кьеджащ, лъэпкъ уэрэд, кьафэ екІуэхэр ягъэзэщІащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Нанэ и псэ, атІэ дауэ щыт уи Іуэхухэр?

● Фэеплъ

Адыгэ сурэтыщІ-график щІэрыІуэ Къып Мухьэмэд къызэралъхуРэ илъэс 75-рэ щэкІуэгъуэм и 5-м ирикъуащ.

КъЫП Мухьэмэдрэ си адэмрэ зэдэлъхуэзэшыпхъум я бынщ. Си анэшхуэ Гулэ фІы дыдэу илъагъурт и дэлъху закъуэ Темыркъан, гъэфІагъыцІэу «Андемыркъанкі э» еджэрт, абы и бынхэри зыпищІ щыІэтэкъым. Мухьэмэд и цІэр щыжиІэкІэ, Іэмал имыІэу «цІыкІу» пигъуэзэрт.

Илъэсипщі бжыгъэкІэ Къып Мухьэмэд сцІыхуну, абы сыдэуэршэрыну Іэмал сызэриІам си къэухьми дуней еплъыкІэми зригъэжьа къудей мыхъуу, «псэкупсэ щэнхабзэкІэ» зэджэр къызгурыІуэным, абы пэгъунэгъу сыхъуным, псэкІэ зыхэсщІэным сыхуиунэтІащ. Мухьэмэд зыми ухуигъэсэжьынутэкъым, и Іуэху еплъыкІэри къыуигъэщтэну хэттэкъым, ар тыншу икІи хуиту епсэлъылІэрт и ныбжьэгъуэхэми и хэгъэрейхэми. Сэ си насып кьихьащ зэныбжьэгъуэхэм апхуэдэ я зэхэсхэм щІэх-щІэхьуірэ сахэплъэну (кьыхьзогъащ: садыхэсыну кьыстехуэрэ-кьым!). Ерыскъы Іэнэу зыпэрысыр щыхьэсыгъуэ кьудейт, нэхъыщхьэр абдежым кьыщаІэт псалъэмакъ гъэщІэгъуэныщхэрат. «Псэмрэ гупсысэмрэ я тхъэжьгъуэ» - арат абы зэреджэр Мухьэмэд. Ар Кафкэ, Бодлер, Бабель сымэ тепсэлъыхьырт. Абы и ужькІэщ сэ а тхьилъхэр къэслъыхьуэу, седжэу щыщІэздзар. Сурэтыщі Петров-Водкин и творчествэм Мухьэмэд зэрытепсэлъыхьыр зэхэпхауэ, мазэ стипендиер щІэпту абы и альбом кьыумыщІэныр, «шы плъыжьым» и пластикэр зыхьумыщІэныр Іэмал зимыІэт. «Моцартрэ Сальеирэ» я гугъу ищІа нэужь, кьытезгъэзэжурэ библиотекэм сыщедаІуэрт Моцарт и «Симфоние №40»-м, сыхуэпабгъэрт композитор цІэрыІуэм и псэм зыхищІахэр кьыспкърыхьэну, кьызгурыІуэну.

«Аракъым зи гугъу тщІыр. Іэжьур зытетыр мыращ», - жиІэнут Мухьэмэд. Ар абы и псэльафэт. Къып Мухьэмэдрэ сэрэ ящу «дыщыздэлэжьар» (апхуэдэ псалъэ си щхьэм тызолъхьэ!) физикэмкІэ си диплом лэжьыгъэр пхызгъэкІыну щызгъэхьэзыр лъэхъэнэрат. БзыпхъэкІэ формулэхэр зытхьиф чертёжник щызэлыгъуэтым, Мухьэмэд деж сыкІуащ. Пушкиным и Іэдакъэщ1кІэхэм ящыщ зы тхьилъ щІидзыкІыжу ар унэм щІэсу кьыщыщІэгъэтам сыгуфІат. Зы махуэм и кІуэцІкІэ плакатих схуитхыну сыщцелъэІум, сэ езым сфІэгъэщІэгъэныжу, псынщІэу арэзы хъуат. Пщыхьэщхьэм Мухьэмэд деж сыкІэри, тхьилъмпІэ напэшхуэхэр шыхьауэ къэсщтэжащ икІи зэкІуэцІысэу зэ сыІумыплъауэ къасщтэри, атІуанэ пщэдджыжьым университетым сыкІуащ.

Плакатхэр зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу зэгъэззэхуауэ кьыщыфІэздзам, пэшыр дауэшынш дыдэ хъуат, уеблэмэ экзамен тІыуэхэм гупыр бэузэжу пщІэнтэкъым. КьыззрыщІэкІамкІэ, абы-хэм зэи ялъэгъуатэкъым квантовэ механикэм и формулэ зэхэлъхэм я тхыпхъэхэр апхуэдэу хьэлэмэту, бадзэу, дахэу ящІауэ. Зи бзэр иубыдыпар сэрат!.. Ауэ напІэзыпІэм зыкъэсщІэжащ, сэ фІэкІа алыдж алыфбеём хуэгъэпса а гъуэзджэ хьугъуэфІыгъуэм «ебджэфын» нэгъуэщІ абдежым зэрыщымытыр кьызгурыІуэжри. Си лажьыгъэр «тхъу щыхуам хуэдэу» пхыкІащ, плакатхэр, хабзэ зэрыхъуам тету, деканатым кьыщІэзнэри, сынасыпыфІэу студент гъащІэм и бжэхэр «ездзылІэжащ»....

ЕтІуанэ махуэм и пщыхьэщхьам Мухьэмэд ди деж нэкІуащ, и пащІэкІэ щІэгуфІыкІыу: «Нанэ и псэ, атІэ дауэ щыт уи Іуэхуэр?» - жиІэу. Си псалъэхэр сфІыззхэзэрыхьу гъуэзджэмрэ гурыщІэкъэмрэ теухуауэ зыгуэркъэ жесІа нэужь, ар ещІэзгъэзэныщІу кьысхутепсэлъыхьащ алыфбей ежьужьыгъуэхэм, иероглифхэри штрихэхэри кьызэщІиубыдау. Тобэ къэсхьыжыну, абы щыгъуэ сэ куэд кьызгурыІуатэкъым, кьызэрызгурымыІуэр жысІэныи сытегушхуатэкъым. Ауэ иужькІэ гъуэзджэм епха щІэныгъэр къэстІэщІу сыщыхуежьэм, гу зылъыстэжу икІи згъэщІэгъуэжу си щхьэм кьызэрыхьыжырт Мухьэмэд кьыСхуиІэтэу щыта гупсысэхэр, нэхьыщхьэу зытригъащІэу щыта-хэр. И жыІэкІэ кьудейри сыт и уасэт!

Зэи сигу имыхужьнухэм ящыщщ Мухьэмэд гъэмахуэ пщэдджыжькІэ жьауэ ди деж къакІуэурэ ди жьэуменйм кІэрыт пкІэльей щыкІуэм щыму теоу зэрыщытар. Иджы кьызгуроІуэ, куэдым зэрагугъам хуэдэу, ар Іуэхуншагъэм е сыщІэлъ. Зы ма-хуэм и кІуэцІкІэ плакатих схуитхыну сыщцелъэІум, сэ езым сфІэгъэщІэгъэныжу, псынщІэу арэзы хъуат.

П щ ы х ь э щ х ь э м Мухьэмэд деж сыкІэри, тхьилъмпІэ напэшхуэхэр шыхьауэ къэсщтэжащ икІи зэкІуэцІысэу зэ сыІумыплъауэ къасщтэри, етІуанэ п щ э д д ж ы ж ь ы м университетым сыкІуащ.

Плакатхэр зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу зэгъэззэхуауэ кьыщыфІэздзам, пэшыр дауэшынш дыдэ хъуат, уеблэмэ экзамен тІыуэхэм гупыр бэузэжу пщІэнтэкъым. КьыззрыщІэкІамкІэ, абы-хэм зэи ялъэгъуатэкъым квантовэ механикэм и формулэ зэхэлъхэм я тхыпхъэхэр апхуэдэу хьэлэмэту, бадзэу, дахэу ящІауэ. Зи бзэр иубыдыпар сэрат!.. Ауэ напІэзыпІэм зыкъэсщІэжащ, сэ фІэкІа алыдж алыфбеём хуэгъэпса а гъуэзджэ хьугъуэфІыгъуэм «ебджэфын» нэгъуэщІ абдежым зэрыщымытыр кьызгурыІуэжри. Си лажьыгъэр «тхъу щыхуам хуэдэу» пхыкІащ, плакатхэр, хабзэ зэрыхъуам тету, деканатым кьыщІэзнэри, сынасыпыфІэу студент гъащІэм и бжэхэр «ездзылІэжащ»....

ЕтІуанэ махуэм и пщыхьэщхьам Мухьэмэд ди деж нэкІуащ, и пащІэкІэ щІэгуфІыкІыу: «Нанэ и псэ, атІэ дауэ щыт уи Іуэхуэр?» - жиІэу. Си псалъэхэр сфІэзыхэзэрыхьу гъуэзджэмрэ гурыщІэкъэмрэ теухуауэ зыгуэркъэ жесІа нэужь, ар ещІэзгъэзэныщІу кьысхутепсэлъыхьащ алыфбей еІужьыгъуэхэм, иероглифхэри штрихэхэри кьызэщІиубыдау. Тобэ къэсхьыжыну, абы щыгъуэ сэ куэд кьызгурыІуатэкъым, кьызэрызгурымыІуэр жысІэныи сытегушхуатэкъым. Ауэ иужькІэ гъуэзджэм епха щІэныгъэр къэстІэщІу сыщыхуежьэм, гу зылъыстэжу икІи згъэщІэгъуэжу си щхьэм кьызэрыхьыжырт Мухьэмэд кьыСхуиІэтэу щыта гупсысэхэр, нэхьыщхьэу зытригъащІэу щыта-хэр. И жыІэкІэ кьудейри сыт и уасэт!

Зэи сигу имыхужьнухэм ящыщщ Мухьэмэд гъэмахуэ пщэдджыжькІэ жьауэ ди деж къакІуэурэ ди жьэуменйм кІэрыт пкІэльей щыкІуэм щыму теоу зэрыщытар. Иджы кьызгуроІуэ, куэдым зэрагугъам хуэдэу, ар Іуэхуншагъэм е

СощІэж зи сурэтхэр си мызакъуэу, куэдым емыхуэбылІэ сурэтыщІым и выставкэ екІуэкІыу Къып Мухьэмэд жиІэгъар: «Нэм кьыІуидзэн хэлъкъым» икІи куэд хужьыпІэфынукъым, адыгэ дуней зэхэщІыкІым и щІэплъыпІэр иджыри лъахъшэщ. Абы зэхьзигъэха псалъэхэмкІэ ди лъэпкъ гъуэзджэр зэрыт щытыкІэм и пэжыпІэр кьыщІигъэщри, илъэсипщІ бжыгъэкІи кІуэцІрыпІыуфат.

ГукІи псэкІи щхьэхуит цІыхут Мухьэмэд икІи ар хущІэкъурт Тхъэм и тыгъэ лъапІэу творчествэр машІуи куэдуи зыпкърытым псэ хуитныгъэм щыщ хилъхьэну. Ар зыхалъхуа лъэхъэнэм игурэ и псэри хуитыжу щыпсэуауэ сэ нэгъуэщІ сцІыхуркъым. А зэманым щІэгъэкъуэнышхуэ кьыхуэхъуар и щхьэгъусэ Неллищ. Мухьэмэд зыхилъхьа щыІэтэкъым гушыІэмрэ ауанымрэ, псом хузмыдзу пщІэ зыхуищІыр акъылрэ гупсысэрэ зыщІэлъэрт икІи зэпымыуэ дыхьэшхэн гуэрэкэр ярищІэкІырт и ныбжьэгъуэхэми, абыхэм я щхьэгъусэхэми, щхьэгъусэхэм я ныбжьэгъуэжхэми... Алхимикым и «щхъуэхьпсихьхэр» зэрыт абджыпс цІыкІуэкэр иудыныщІэурэ тельыджэхэр кьызэригъэхъум ещхьу, Мухьэмэд и гушыІэкІэр, абы и хъыбархэр щІэрыщІэу зыщІэлъэкІыжыу, нэхъ гъэщІэгъуэн икІи нэхъ дыхьэшхэн хъуурэ Іуэрыпсэ ящІэрыІуэ хуэкІуэжырти, жейбащхъуэм иубыда гурыщІэкэр къагъэушыжырт. Нобэми кІуэцІыпащкъым Кьыпым и гушыІэхэр. Утетхыхь хъунущ икІи хуейщ Мухьэмэд театрым, литературэм, усыгъэм кьызэрыхьэ, абыхэм яхуищІа хэлъхьэныгъэхэм. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, абдежым щынэрылъагъущ и гурыщІэ куури, и Іэщ1агъэм и лъагаПІэхэри, ар лъэхъэнэм зэрыльэІэсари.

Псалъэ хэлэтыкІэ гуэрэр Кьып Мухьэмэд кьыхуэпІыхьуэну кьеззгъэрыркъым. Абы и Іэдакъэщ1кІ щІэныр алхуэдизкІэ купщІафІэщ, классикэ жыпІхэм итщи, зэманым и закъуэщ абы хуэфащэ псалъэ кьэзыгъуэтыфнур. Абы тепщІыхьмэ, псори зэрыщытын хуейм хуэдэу йокІуэкІ...

МЭРЕМКЪУЛ Людмилэ,
искусствовед.

● Къалъыхъуэ

Хъыбар гуэр фщІэмэ!

Забайкальск крайм и хабзэкъуэмэ Іэнатіэхэм къалъыхъуэ Краснокаменск къалэм щыщ Фёдоров Данил Юрэ и къуэр, 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м къалъхуар. Ар 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м Краснокаменск районым щыІэ «Доброта» социально-реабилитацэ къэрал Іуэхущ1апІэм дэкІащи, нобэр кьыздэсым здэщыІэр ящІэкъым.

Хъыбарыншэу кІуэдар иужьрейуэ 2016 гъэм шыщыхьуІум и 11-м щалъэгъуащ Забайкальск крайм хьыхь Кокуй посёлкэм. Ар яхэтынкІэ мэхъу псэупІэ хэха зимыІэхэм, мэлыхъуэ пщыІэхэм тесхэм.

И теплъэр: илъэс 13 - 15 ептынщ, сантиметри 160 - 165-рэ и лъагагъщ, и ІэпкъльэпкъкІэ кьуэгъущ, нэкІу къамылыфэщ, и щхьэцыр захуэщ, сырыху-фІыцІафэу.

Щхьэхуэу гу зылъытапхъэхэр: и Іэ сэмэгум и Іэпхъуамбэшхуэм татуировкэ тетщ.

Щыгъар: спорт кІэстум щІыху-фІыцІафэ, ибгъуэхэмкІэ хужь дадауэ, футболкэ щІыху, кроссовкэ хужь.

Федоров Данил Юрэ и къуэм и хэщІапІэр уБзыхуныкІэ сэбэн хъуну хъыбар гуэр фщІэмэ, дыныеотъэІу фыпсэльэну мы телефонхэмкІэ: 8 (302-45) 2-88-16, 2-77-54, 8-914-442-91-61.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

2017 - 2018 гъэхэм я бгы лыжэ лъэхъэнэр къызэрызэІуахым теухуауэ Іуащхьэмахуэ лъапэ махуэшхуэ къыщыдзэрагъэпэщащ. Спорт зэхьзэхуэхэмкІэ, акъыл жан зэпеуэхэмкІэ, макъамэ джэгуэхэмкІэ гъэщІагъуэ щыта «Дэ псом нэхьрэ!» зыфІаща нэгъуэщхь программэм Азау хуейм щызэщІигъэІуащ Европэмрэ Урысеймрэ я нэхъ бгы лъагэ дыдэм дэкІыну къэкІуэ зыплъыхьакІуэхэмрэ щыІуэпс дахэм зыщызыгъэпсэхуну мурад зыщІахэмрэ. Ар къыззрагъэпэщащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м, КъБР-м и Правительствэм, «Курорт Эльбрус» АО-м.

Іуащхьэмахуэ лъапэ зыплъыхьакІуэхэр къыщызэхуос

● ЩІымахуэ-2017

ГУФІЭГЪУЭ зэхьхьэр къызэІуихащ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр Щоджэнцыкіу Мурат. Къызэхуэсахэм ар екъуэхьуащ лъэхъэнэщІэр зэрызэхафІамкІэ икІи гукъинэж зыгъэпсэхуГъуэ зэман яІэну зэригуапэр жиІащ. «Дызэкъуэтмэ, кьалэн зыхуэдгъэувыжахэр зэдгъэхьулІэфынущ, курортыр едгъэфІэкІуэнущ икІи цІыху нэхъыбэ кьетшэлІэнущ. Ди кьалэн нэхъыщхьэр хьэщІэхэми бысымхэми тынышгъэрэ гукъыдэжрэ яІэнырщ», - кьэхихигъэщащ Щоджэнцыкіу Мурат.

«Курорт Эльбрус» АО-м и генеральнэ унафэщІ Беккаев Хьисэ фІыщІэ яхуищІащ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ министерствэмрэ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-мрэ купщІафІэу зэрызэдэлажьэм щхьэкІэ икІи гу лъаригъэтащ зыгъэпсэхуПІэр илъэс хъурейм зэрылажьэм и кьыхэкІыу, гъэм и лъэхъэнэм емылъытауэ кьызэІупх зэрыхьунур. «Проектыщ1эхэм, лъагъуэщІэхэм, лъэхъэнэщІхэм дапэплъэнщ», - жиІащ Беккаевым.

«Іуащхьэмахуэ - щІыналъэм и хъуГуэзфІыгъуэхэм ящыщ зыщ икІи пщІэшхуэщ ар нэхъыфІу кьыщІалъытэр щІыуэпсым и мызакъуэу, атІэ абы щыпсэухэми я фІыщІэ зэрыщытыр: Урысеймрэ щыпэхъэ лъагэ дыдэ Іуащхьэм щхьэкІэ фІыщІ зэрыщытыр.

Іуащхьэмахуэ зэхуащІыжащ «Эльбрус» курортым и кьегъэлажьэхэр бгы лыжэ джабэхэм кьежэхьыныкІэ.

ПОГРЕБНЯК Ольгэ.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

СпортымкІэ ІэнатІэхэм къахохуэ

Іуащхьэмахуэ лъапэ спортымкІэ сабий парк къыщызэІуахащ. Абы щагъэсэнущ сноубордым дихьэх щыкІуэхэр.

АЗАУ хуейм екІуалІэ къэжьхьыпІэм мы щыпІэр кьыпыгъэщхьэхуКІащ, зыр адрейм зэран хуэмыхьэн хуэдэу. КъэжьхьыпІэм илъэс 14 иримыкъуахэр я закъуэу ирагъэхьэркъым. Ахэр гъэсакІуэхэм я нэІэм щІэтынущ. Іуэхуэр зэрекІуэкІым ткІийуэ кІэлъыплъынущ «Эльбрус-Адвентур» Іуэхущ1апІэр. КъэжьхьыпІэм ит сабийхэм ират зыхуеину псори. Гъэсэныгъэ дерсхэр тещІыхьащ махуищым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардан Маритэ, Нэщ1эныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі э - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдэгъэкІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщІэІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэм: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *редактору* **Багъэтыр Луизэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейр сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.425 ● Заказ №1618